



549 NW Lake Whitney Place  
Suite 204, Port St. Lucie, FL  
34952 (772) 873-7800  
FAX: 772- 249-0166



## GID POU KONSOMATÈ

REVZE 20/07/2019

Kominote ki Konekte pou Timoun ofri sipèvizon ak kowòdinasyon sistèm swen asistans sosyal pou timoun nan konte St. Lucie, Martin, Indian River ak Okeechobee. Sèvis yo bay grasa sistèm lokal swen nou an gen ladann fwaye dakèy, Adopsyon ak sèvis pwoteksyon. Menmsi Communities Connected for Kids fek rive nan Okeechobee ak nan Treasure Cost, Communities Connected for Kids te kreye nan lane 1912 epi li jere yon gwo rezo nasyonal ki ofri pwogram klinik, terapetik, edikasyon ak anplwa ansanm ak sèvis ak inisyativ edikasyon piblik ak prevansyon ki enpakte pozitivman lavi dizèn de milye moun ak fanmi chak ane.



---

## AKIZE RESEPSYON

Yo pral mande ou siyen yon fòm, yo pral plase nan dosye ou an epi li gen ladann enfòmasyon ki make annapre yo:

Mwen resevwa Communities Connected for Kids. Yo te banmwen ase tan pou mwen te ka poze kesyon epi mwen konprann repons mwen te resevwa yo.

Gid Swen Communities Connected for Kids gen enfòmasyon ladann sou sijè ki make annapre yo:

- Deklarasyon Misyon/Vizyon an
- Definisyon yo
- Dwa ak Responsabilite Kliyan an
- Dwa Sivil
- Konfidansyalite Enfòmasyon Kliyan yo
- Lwa sou Transferabilite ak Responsabilite Asirans Sante
- Pwosedি Doleyans Kliyan an

Remak: Se pou kopi orijinal Fòm siyen an ki rele Akizasyon Resepsyon (“Acknowledgement of Receipt”) plase nan dosye kliyan an pou dokimante resepsyon enfòmasyon anlè yo ki make nan sokiman sa a.

## TAB DÈ MATYÈ

2.....	Deklarasyon Misyon
2.....	Vizyon
2.....	Definisyon yo
3.....	Dwa ak Responsabilite Konsomatè yo
5.....	Dwa ak Responsabilite Communities Connected for Kids genyen
6.....	Dwa Sivil
10.....	Konfidansyalite Enfòmasyon Kliyan yo
13.....	Lwa sou Transferabilite ak Responsabilite Kontra Asirans
17.....	Pwosedি Doleyans Konsomatè yo

**DETEKSYON AK DENONSYASYON FWOD, GASPIYAJ AK ABI****DEKLARASYON MISYON AN**

Pou amelyoresekirite, pèmanans ak byennèt tout timoun nan Okeechobee ak nan Treasure Coast grasa yon rezo kominotè sèvis asistans pou fanmi.

**VISYON**

Pou elimine abi, negligians ak abandon timoun nan Okeechobee ak nan Treasure Coast pou tout timoun kapab leve pou yo reyalize tout potansyèl yo.

**DEFINISYON YO**

Konsantman – Bay pèmisyon.

Konsomatè – Moun k ap resevwa sèvis yo.

Konfidansyalite – Enfòmasyon yo dwe kenbe sekrè, yo pa dwe diskite ni revele lòt moun nenpòt ki jan.

Doleyans – Yon enjistis yon santi li te sibi.

Plan Sèvis/Tretman – Aktivite ak responsabilite oumenm, fanmi ou ak kèlkeswa Ajans Jesyon Dosye dakò kid we fèt pou reyalize objektif ou yo.

**ORÈ BIWO YO**

Orè biwo snatral ak sant sèvis la se depi 8:00 dimaten rive 5:00 nan apremidi.

**Sant ki de gad**

Martin	772-631-3868
Saint Lucie	772-418-0006
Indian River	772-321-3044
Okeechobee	863-697-1966

**Kisa Fwod, Gaspiyaj, Abi ak Peman amplis ye ?**

Pou kapab detekte fwod, gaspiyaj, abi ak peman amplis, se pou ou konnen sa Lalwa vle pou ou fè.

**Fwod** – Yon deklarasyon oubyenmansonj yon moun fè pou twonpe entansyonèlman pandan li konnen twonpri an gendwa debouche sou benefis ki pa otorize pou limenm oswa pou yon lòt moun. Mo sa a enkli ladannkenenpòt zak ki konstitye yon fwod selon lejislasyon federal oswa Eta a ki aplikab.

**Gaspiyaj** – Move jesyon resous, ikonpri anjandre depans ki pa nesesè poutèt pratik oswa sistèm ki inefikas oswa inefisyant.

**Abi** – Pratik founisè a ki pa konsistan ak pratik komèsyal oswa medical ki aksepte anjeneral epi sa bay kòm rezulta depans ki pa nesesè pou pwogram Medicaid kouvri oubyen pou ranbousman machandiz oswa sèvis ki pa nesesè medikalman oswa ki pa satisfè estanda ki rekoni pwofesyonèlman pou swen sante, oubyen pratik benefisyè an ki lakòz depans ki pa nesesè pwogram Medicaid land we kouvri.

**Peman amplis** – Konfòmeman ak s. 409.913 F.S., sa enkli kélkeswa montan an ki pa otorize pou pwogram Medicaid peye, kélkeswa siyo te peye li poutèt yo te deklare depans ki pa t presi oswa ki pa t kòrèk, reklamasyon ki pa t konvtab, pratik ki pa akseptab, fwod, abi oswa pa erè.

**Si ou vle rapòte fwod, gaspiyaj oswa abi nan pwogram Medicaid lan, tanpri itilize youn nan posibilite ki annapre yo:**

Nimewo gratis AHCA pou Konsomatè ki vle pote plent: 1-888-419-3456

Biwo Avoka Eta Florid (Florida Attorney General's Office): 1-866-966-7226

Biwo Entegrite Pwogram Medicaid nan Eta Florid : 1-850-412-4600

Fòm pou pote plent: <https://apps.ahca.myflorida.com/inspectorgeneral/fraudcomplaintform.aspx>

Nimewo gratis Sunshine Health Compliance nan **1-800-345-1642** oswa Sunshine -Nimewo gratis, anonim ak konfidansyèl Health's nan **1-866-685-8664**

#### Pwosesis pou Doleyans ak Apèl yo pou Ajans Administrasyon Dosye oswa Founisè

Tout kontra Communities Connected for Kids siyen pou sèvis mande pou founisè yo respekte pwosedi doleyans ak apèl Communities Connected for Kids yo. Si yon founisè kontraktyèl ta vle pote plent, yon rezime pwosesis la make annapre a.

1. Sizoka yon diferans opinyon oswa yon konglie ta rive, founisè ki pa kontan an ankouraje pote pwoblèm espesifik lan alatansyon de Communities Connected for Kids nan kad yon ankèt. Depatman Jesyon Kalite Communities Connected for Kids trete tout ankèt yo epi li founi repons lan.
2. Si depatman Jesyon Kalite Devereux an pa kapab rezoud pwoblèm la, yo pral pwograme yon reyinyon ant administrasyon Communities Connected for Kids an ak founisè a pou diskite pwoblèm la.
3. Si ekip administrasyon Communities Connected for Kids an ak founisè a pa kapab rezoud pwoblèm la, yo pral pwograme yon reyinyon avèk Ofisyè Egzekitif an Chèf la pou rezoud pwoblèm la definitivman.
4. Otorite final la pou rezoud dezakò, si sa nesesè, nan men Ofisyè Egzekitif an Chèf Devereux an. Si sa nesesè, yo pral voye tout done yo kolekte bay Ofisyè Egzekitif an Chèf lan pou li pran desizyon final la. Moun ajans lan nonmen pral notifye moun (yo) yo te siyifye desizyon final la yo pral pwo-nnse senk (5) jou oplita apre Ofisyè Egzekitif an Chèf lan resevwa demann pou egzamine ka a.

#### Egzamen tout Plent ak Doleyans yo

Chak mwa, Direktè Jesyon Kalite Communities Connected for Kids an egzamine tout plent ak doleyans yo depoze pandan mwa a. Ekip Kd Administrasyon Communities Connected for Kids an analize rezulta yo. Yo pral evalye si rezolisyon an te rapid ase, si yo te pran mezi korektiv yo, epi si kliyan yo te jwenn satisfaksyon avèk rezolisyon an.

## DWA AK RESPONSIBILITE KONSOMATÈ YO

Communities Connected for Kids ak founisè nou yo ki anba kontra, ou jwenn pwoteksyon selon sèten dwa ak responsibilite ki vin kore sèvis ou resevwa yo. Ou gen dwa:

Pou yo trete ou avèk koutwazi, diyite epi respè, san yo pa gade ras, reliyon, laj ou oubyen si ou andikape.

Pou konprann disponibilite sèvis ou bezwen yo, kilès sèvis ou pral itilize, ak atant epi règ Communities Connected for Kids yo pou itilize sèvis sa yo.

Pou resevwa bonjan kalite sèvis, yo bay yon fason ki pwofesyonèl ak rapid.

Pou atann ou aske anplwaye ki travay pou kont Communities Connected for

Kids pral respekte tout  
lwa ki pwoteje ou kont abi, neglijans oswa eksplwatasyon.

Pou dwa ou genyen yo pou yo respekte epi aplike mezi pwoteksyon konfidansyalte ak zafè prive ou selon limit lalwa a defini, epi pou bay konsantman pou anvan yo revele enfomasyon ou yo bay yon lòt ajans oubyen moun ki pa travay pou Communities Connected for Kids

Pou konnen moun nan Konsèy Akreditasyon, Depatman Timoun ak Fanmi an-sam ak lòt ajans siveyans gendwa konsilte dosye ou an.

Pou patisiye nan mizanplas ak egzamen plan sèvis, plan dosye epi/oswa kèlkeswa lòt reyinyon an oumenm ak Communities Connected for Kids.

Pou konprann règ ak kondisyon ki gen pou wè ak desizyon pou Communities Connecgt for Kids sispann bay sèvis.

Pou refize resevwa sèvis, eksepte si tribinal la te limite dwa ou yo epi pou yo enfòme ou sou sa ki pral rive si ou refize.

Pou pote plent epi pou resevwa yon kopí Pwosedi Doleyans Konsomatè Communities Connected for Kids.

## Ou gen Responsabilite:

Pou di laverite lè ou ap bay enfòmasyon Communities Connected for Kids  
mande pou li kapab ba ou sèvis.

Pou respekte règ, politik ak demann Communities  
Connected for Kids yo.

Pou travay pou reyalize tout objektif plan sèvis yo ansanm ak kèlkeswa lòt de-  
mann ki te apwouye.

Pou respekte zafè moun/ konfidansyalite lòt moun k ap resevwa sèvis.

Pou konpòte ou yon fason ki pa menase ni mete an danje yon lòt moun epi pou  
konprann aktivite sa a gendwa fè Communities Connected for Kids deside  
sispann ba ou sèvis.

Tanpri li Dwa ak Responsabilite Konsomatè sa a epi pran tan ou pou poze kesyon.  
Lè ou satisfè ou konprann dwa ak responsabilite ou yo, tanpri siyen fòm resi a  
pou endike ou resevwa gid la.

## PWOSEDI DOLYEANS KONSOMATÈ YO

Se politik Communities Connected for Kids pou reponn tout doleyans ak apè  
yon fason ki respekte kliyan, founisè ak lòt moun ki pote plent. Politik sa a enkli  
nan tout kontra li pase ak founisè sèvs yo. Pwosesis doleyans ak apèl ankouraje  
rezolisyon ki ekitab, ki pa entimandan epi ki rapid.

### Pwosesis doleyans ak apèl pou Paran yo

Administratè dosye a pral esplike pwosesis doleyans ak apèl lan bay timoun lan ak  
fanmi apre premy kontak lan. Fòm doleyans ak apèl yo enkli nan gid konsomatè  
yo pral distribye pandan premye kontak la.

Yo pral swiv pwosedi ki annapre a lè yon timoun/jennjan oswa yon paran depoze  
yon doleyans:

1. Sizoka ta vin genyen yon diferans opinyon oswa yon konfli, moun ki pa satis-  
fè (yo) ankouraje pote pwoblèm espesifik la alatansyon de Administratè Dosye  
a nan kad yon ankèt. Fowòm pou dyalòg sa a enfòmèl epi rezulta yo anrejistre  
nan fichye ki konvnab la. Dokimantasyon an gen ladann sikostans ki antoure  
pwoblèm la ak rezolisyon/ sityasyon an.
2. Si preyokipasyon yo pa rezoud nan moman rekèt la oswa nan nivo plent lan,  
administratè dosye a pral bay moun (yo) non sipèvizè li pou moun (yo) ka-  
pab pale avèk yo konsènan preyokipasyon/ plent lan. Pwosesis sa a ta dwe  
remonte anlè chèn kòmandman an andedan ajans administrasyon dosye a  
jiskaske pwoblèm lan rezoud.
3. Si anplwaye administrasyon andedan ajans administrasyon dosye an pa kapab  
rezoud pwoblèm la, ajans administrasyon dosye an pral mande yon reyinyon  
ak administrasyon Communities Connected for Kids an epi moun k ap pote  
plent lan pou diskite pwoblè ki rete yo.
4. Otorite final la pou rezoud dezakò, si sa nesesè, nan men Ofisyè Egzekitif an  
Chèf Communities Connected for Kids an. Si sa nesesè, yo pral voye tout  
done yo kolekte bay Ofisyè Egzekitif an Chèf lan pou li pran desizyon final  
la. Moun ajans lan nonmen pral notifye moun (yo) yo te siyife desizyon final  
la yo pral pwo- nonse senk (5) jou oplita apre Ofisyè Egzekitif an Chèf lan  
resevwa demann pou egzamine ka a.

**Communities Connected for Kids** gendwa chanje enfòmasyon yo pou endike pwoblèm la epi li pral enfòmè lòt moun ki gen kopi enfòmasyon ki pa kòrèk yo. Si ou ta ren- men pou nou modifie enfòmasyon yo, you dwe fè yon demann alekri epi esplike pouki sa ou ta renmen pou nou korije enfòmasyon an. Ou gendwa swa ekri nou yon lèt oswa ranpli Fòm pou mande Dosye ki rele "**Communities Connected for Kids Record Request Form**"

Communities Connected for KIDS gendwa refize demann ou nan sèten sityasyon. Si Communities Connected for Kids refize demann ou, Communities Connected for Kids pral esplike pouki sa alekri. Ou pral gen opòtinite pou voye nou yon deklarasyon ki esplike pouki sa ou pa dakò ak desizyon nou epi Communities Connected for Kids ~~pral komuniké deklarasyon ou~~ chak fwa Communities Connected for Kids revele enfomasyon ou yo pi devan.

1. Ou gen dwa jwenn yon lis ki make non tout moun Communities Connected for Kids te bay enfòmasyon ou yo pandan sis (6) lane ki sot pase yo. Si ou ta renmen jwenn lis sa a, ou gendwa voye nou yon lèt ki mande lis la oswa ranpli Fòm Demann Dosye an ki rele "**Communities Connected for Kids Record Re- quest Form**". Lis la p ap gen ladann sèten kalite enfòmasyon yo te revele, ikonpri revelasyon pou tretman, peman ak operasyon swen sante. Epitou, li p ap enkli tout revelasyon yo te fè anvan 1ye desann 2003. Si ou mande yon lis, Communities Connected for Kids gendwa faktire ou yon montan pou sa yo te depanse pou pare lis la.
2. Ou gen dwa mande pou Communities Connected for Kids limite izaj ak kantite fwa li revele enfòmasyon sante pwoteje (PHI) ou yo, pou tretman, swen sante oswa operasyon swen sante. Communities Connected for Kids pa oblige dakò ak de- mann lan. Si Communities Connected for Kids dakò ak demann ou, Communities Connected for KIDS dwe respwekte restriksyon ou yo (eksepte si enfòmasyon yo nesesè pou tretman ijyan). Ou gendwa anile restriksyon yo nenpòt kilè toutotan Communities Connected for Kids notife ou anilasyon an epi li kontinye aplike restriksyon yo pou enfòmasyon li te kolekte anvan anilasyon an.
3. Ou gen dwa mande pou yo kontakte ou nan yon lòt kote oswa avèk yon lòt metòd tankou nan adrès travay ou olye pou kontakte ou lakay ou. Si ou ta renmen mande yon lot metòd pou kontakte ou, se pou ou voye yon lè pou fè demann lan alekri pou mete dosye ou ajou.

## DWA AK RESPONSABILITE COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS

- Communities Connected for Kids gen dwa ba ou sèvis selon staff ak pwogram ki ofri yo epi ki disponib. Yon lis datant pral disponib lè moun ki bezwen sèvis depase kapasite pwogram la. Communities Connected for Kids gendwa ba ou enfòmasyon osijè lòt ajans ki ofri memm kalite sèvis si gen yon lis datant.
- Communities Connected for Kids ofri bonjan kalite sèvis epi li pral fasilité randevou ak aktivite ki itil ou. Nou fè am pil jefo pou sèvis nou yo aksesib epi pratik, jan sa posib.
- Communities Connected for Kids responsab pou pwoteje zafè prive/ konfidansyalite ou, eksepte lè lalwa a mande li si yo sispekte yon sityasyon abi oswa neglijans.
- Communities Connected for Kids responsab pou kolekte opinyon ou epi ede devlope ak egzekite plan sèvis/tretman ou an.
- Communities Connected for Kids responsab pou anboche pèsonèl ki kalifye.
- Communities Connected for Kids responsab pou bay sèvis nan batiman ki san danje ak pwòp.
- Lalwa oblige pou tout anplwaye Communities Connected for Kids yo rapòte chak fwa yo sisplèk yon timoun oubyen yon granmoun victim abi.

Li enpòtan pou Communities Connected for Kids (CCKids) kenbe yon anviwònan ki san danje pou anplwaye li yo epi pou li bay sipò ki nesesè ak resous yo pou kenbe staff, moun k ap okipe timoun yo, fanmi y oak timoun an an sekirite. CCKids pa anplwaye entèvansyon jesyon konpòtman ki restriktif, ki defini kòm izòlman, kontrent fizik, kontrent mekanik ak seklizyon nan yon pyès ki fèmen akle. CCKids itilize ranfòsman pozitif, de-escalad aloral ak Family Safety Contracts ki konfòm ak egzijans legal ak règlementè federal, Eta a ak lokal yo.

- Si anplwaye Communities Connecgted for Kids yo konsidere yon kliyan reprezante yon danje imeda pou limenm oswa pou lò moun, anplwaye a dwe:
  - Konsil ak pwofesyonèl lasante mantal epi, nan sèten ka, rele 911 pou jwenn moun ki kapab fè entèvansyon nan sityasyon kriz;
  - Si sa posib, notife moun yo panse ki an danje imeda oswa fanmi li pou avèti yo kliyan an reprezante yon danje pou tèt li;
  - Notife anplwaye lapolis ki awopriye an, eksepte si selon opinyon

anplwaye a ak sipèvizè li, sityasyon an rezoud san notifikasyon sa a;

- Revele enfòmasyon ki nesesè pou rezoud sityasyon ki danjerèz la;  
epi
- Dokimante sityasyon an antanke yon ensidan.

## DWA SIVIL

Ajans la ansanm ak founisè kontraktyèl ki bay sèvis kliyan pral bay tout moun ki gen konpetans sansoryèl, manyèl oswa pwoblèm pou pale, ansanm ak moun ki gen konpetans limite nan lang Angle, asistans konvnab ki nesesè pou bay moun sa yo menm opòtinite pou jwenn aksè ak pou yo ka benefisyè nan sèvis ak pwogram ajans lan ap jere.

Dispositif asistans pou kliyan ki gen pwoblèm sansoryèl gendwa enkli:

- ✓ Telefòn ki amplife ansanm ak lòt aparèy ki ede moun tande ak sistèm tankou PocketTalker;
- ✓ Malantandan ki sèvi ak TDD/TTY – Telefòn tèkst yo itilize tankou yon machin a ekri moun ki soud, malantandan oswa ki gen pwoblèm pou pale;
- ✓ Sèvis Relè Florida (FRS) – Yon sèvis ki pèmèt yon moun ki tande kominike ak yon moun ki malantandan oswa ki gen pwoblèm pou pale grasa yon operatè ki gen yon fòmasyon espesyal ki rele yon asistan komunikasyon;
- ✓ Bray, Gwo lètak Odyo-tep; epi
- Entèprèt Langaj Siy Ameriken, moun ki pran nòt ak lektè.

Asistans pou moun ki gen konpetans limite nan lang Angle gendwa enkli:

- ✓ Anboche anplwaye ki bileng
- ✓ Anboche entèprèt nan staff la
- ✓ Sèvi ak entèprèt volontè
- ✓ Fèaranjman pou entèprèt kominotè volontè
- ✓ Anboche sèvis entèprèt ki andeyò konpayi an
- ✓ Sèvis entèprèt nan telefon

Tout kliyan kalifye epi/oswa kliyan potansyèl gen dwa jwenn menm opòtinite pou itilize epi benefisyè nan pwogram ak sèvi ajans la. Sa gen ladann aranjman rezonab pou asire pwogram ak sèvis ajans la aksesib epi efikas menm jan pou moun ki gen bonjan konpetans ki gen pwoblèm pou tande, pou wè ak pou deplase, oswa ki limite nan kapasite yo pou pale, ekri, li oswa pou konprann Angle.

• Óganizasyon pou larechèh Pou òganizasyon larechèch apre yo fin satisfé kondisyon konsènan pwoteksyon zafè moun oswa enfòmasyon medikal.

• Sèten fonksyon gouvènman Pou sèten fonksyon gouvènman, ikonpri men ki pa limite ak aktivite militè ak ansyen limitè, aktivite sekirite ak ransèyman yon peyi, epi enstitisyon koreksyonèl nan sèten sityasyon.

7. Otorizasyon: Apa izaj ak pataj enfòmasyon ki liste anlè a (#1-6), COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS p ap itilize ni pataje enfòmasyon sante ki pwoteje (PHI ) ou san pèmisyon ou/ pèmisyon ak siyati yon paran oswa gadyen ou sou **"Fòm Konsantman pou Revle /Demann Enfòmasyon COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS"** a. Ou gendwa anile fòm otorizasyon an apre sa; pou fè sa, voye yon lòt bannou kote ou mande pou anile pèmisyon an. Sèten wogram gendwa gen plis restriksyon obligatwa konsènan nan ki sityasyon moun gendwa rev- ele enfòmasyon medikal ou yo.

### OU GEN DWA KONSÈNAN ENFÒMASYON SANTE PWOTEJE (PHI) OU YO

1. Ou gen dwa wè epi jwenn yon kopí enfòmasyon sante pwoteje (PHI ) ou yo yo keneb nan sèten dosye regwoupe. Si ou vle wè osw resevwa yon kopí enfòmasyon sante pwoteje (PHI ) ou yo, se pou ou fe yon demann alekri oubyen ranpli **Fòm Demann Dosye COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS an ("COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS Record Request Form")**. Nou pral reponn de- manou nan yon delè ki p ap twò long.

Demann yo voye pou konsilte dosye ki ansyen gendwa pran yon ti tan anvan yo kapab al pran yo nan depo.

COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS gendwa refize demann ou nan sèten sityasyon men li tou- jou pral eslike pouki sa alekri epi enfòmè ou si ou gen dwa pou yon lòt moun analize desizyon an yon lòt fwa.

2. Ou gen dwa mande nou pou nou korije enfòmasyon sante pwoteje (PHI ) ou COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS kenbe si ou panse COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS gen enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa konplè.

- Analize aktivite COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS epi itilize enfòmasyon sizoka sis- tèm COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS ta vin chanje.
  - Travay avèk avi sa a epi ak lòt lwa.
4. Moun ki Angaje nan Swen Ou: COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS gendwa pataje enfòmasyon sante ki pwoteje (PHI) ou yo ansanm ak yon fanmi, yon zanmi pwòch oubyen yon moun ou idantifye si moun sa a ap patisipe nan swen ou epi enfòmasyon yo konsènen swen ou. Si kliyan an se yon timoun minè (mwens ke 18tan), COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS gendwa pataje enfòmasyon sante pwoteje (PHI) ou yo osijè timoun minè an ak yon paran, gadyen oswa lòt moun ki responsab pou timoun minè an eksepte nan sèten enfòmasyon.
5. Lalwa egzije li: Rapòte abi oswa negligians sou timoun ki pwouve oswa ou sispekte bay Depatman Timoun ak Fanmi.
6. Izaj ak Pataj ki baze sou Priyote Nasyonal: Lè lalwa otorize sa, COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS gendwa itilize sowa pataje enfòmasyon sante pwoteje ou (PHI) san otorizasyon pou divès aktivite yo deside ki priyorite" tankou:
- Menas pou lasante oswa sekirite - Si COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS panse sa nesesè pou anpeche oswa redwi yon gwo menas pou lasante oswa sekirite.
  - Aktivite sante publik - Pou aktivite sante publik
  - Abi, negligians oswa vyolans nan kay - Si COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS panse ou gendwa victim abi, negligians oswa vyolans nan kay.
  - Aktivite siveyans eta sante - Yon analiz yon ajans siveyans sante gendwa fè.
  - Pwosedi jidisyè yon tribunal - Yon analiz yon tribunal oswa yon ofisyè tribal (tankou yon avoka) gendwa fè si yon jij bannou lòd pou fe l.
  - Lapolis - Yon analiz yon ofisyèl lapolis gendwa fè pou objektif aplikasyon yon lwa espesifik.
  - Medsen lejis ansanm ak lòt moun toujou - Yon analiz yon medsen lejis, yon egzaminatè medikal, yon direktè ponp finèb oswa yon donè dògann oswa ajans grèf yo gendwa fè.
  - Konpansasyon pou Travayè (Worker's compensation) - Respekte lwa konsènan konpansasyon travayè yo.

Kliyan, kliyan potansyèl ak anplwaye ki gen konpetans ki limite poutèt pwoblèm sansoryèl, manyèl oubyen pou pale oubyen ki gen konpetans limite nan lang Angle ap jwenn aparèy oswa dispozitif asistans nan chak etap pwovizyon sèvis la oswa pwoesis travay la chak fwa absans aparèy sa yo gendwa lakòz yo refize oswa sa retade pou yo jwenn aksè, anpeche sèvis la efikas oubyen refize moun ki andi-kape aranjman rezonab, pou nou kapab garanti pa gen diskriminasyon epi tout moun gen menm chans.

**O bjectif :** Plan sa a bay Communities Connected for Kids direktiv, nan fason ki dekri anba la a:

- Tout kliyan ki bezwen sèvis ki gen pwoblèm sansoryèl, manyèl oubyen pou pale, gen menm opòtinite pou itilize epi benefisyè nan pwogram ak sèvis ajans lan ap jere.
- Moun ki kalifiye yo, poutèt yo gen kapasite pou pale, li, ekri oswa pou kon-prann lang Angle ki limite, p ap eksli ni yo p ap refize ba yo menm aksè nan sèvis ak nan pwogram ajans la ap jere yo.
- Aranjman rezonab (yo), jan sa nesesè, ap disponib pou kliyan ki dekri anlè a pou asire yo pa jwenn sa enposibl pou yo patisipe nèt ale nan pwogram ak sèvis ajans la.

**Pote :** Politik ak pwosedi ki dekri nan plan sa a aplike pou tout biwo ak sant sèvis Communities Connected for Kids yo, ikonpri ajans sila yo k ap bay sèvis dirèk bay kliyan oswa kliyan potansyèl ki gen konpetans sansoryèl (pwoblèm pou tandé ak pou wè), manyèl oswa pou pale ki limite, ansanm ak kliyan ki gen konpetqans limite nan lang Angle.

**Pwosedi :** Ajans ak rezo founisè sèvis kliyan dirèk yo dwe respekte pwosedi ki dekri annapre la a lè y ap ofri dispozitif ak aparèy asistans.

- Yo evalye bezwen kliyan an pandan yon seyans konsiltasyon ak kliyan/kliyan potansyèl la konsènan mòd komunikasyon li pi pito a, epi sis a aplikab, avèk manadjè dosye ki responsab li, konseye, paran oswa lòt manm fanmi li, gadyen oubyen lòt reprezantan epi kowòdonatè aparèy asistans/dispozitif pou malantandan an. (REMAK: Kliyan ki malantandan oswa kliyan sa yo ki gen konpetans limite nan lang Angle gendwa jwenn yon entèprèt ki konpetan. Nou pa vle ankouraje kliyan yo sèvi ak manm fanmi yo kòm entèprèt, eksepte pandan yon sityasyon ijans, poutèt sa ka debouche sou yon vyolasyon konfidansyalite enfòmasyon prive oswa refi benefisyè yo pou yo di fanmi ak zanmi yo enfòmasyon ki trè empôtan pou sityasyon yo.)

- Se responsabilite tout sipèvizè/direktè pou chak pwogram pou yo asire yok e kliyan yo resevwa aparèy ak dispozitif asistans ki apwopriye yo. Lè y ap eseje jwenn aparèy asistans, se pou yo fè tout jeff pou sèvi ak resous ajans lan genyen; sepandan, si yon yo dwe chèche yon dispozitif asistans andeyò ajans la, se pou sipèvizè/direktè a kontakte Depatman Finans Devereux.
- Sèten dispozitif asistans pa disponib touswit, espesyalman nan zòn riral yo. Pwoblèm sa a vin pi grav lè yo pa ka prevwa kliyan yo ap bezwen aparèy la alavans, sa ki rive souvan pou ka sèvis pwoteksyon timoun ak moun ki prezante yo san randevou. Pou ede nou rezoud pwoblèm sa a, chak sant sèvis enpòtan pral gen anplwaye ki disponib pou bay asistans.
- Anplwaye yo gen konpetans rezonab nan langaj siy debaz ak epelasyon dijital oswa yo gen konesans nan resous ki egziste epi ki disponib nan kominote a, ikonpri entèprét ki kalifye ki travay nan Sant Sèvis pou Malantandan yo. Yo pral bay dispozitif asistans yo rapidman, yon fason ki p ap retade, anpeche oswa lakòz kliyan yo pa resevwa sèvis yo. Epi-tou, sa va enkli lòt lang tou.
- Pandan premye evalyasyon bezwen yo, kliyan yo dwe enfome si dispozitif asistans yo disponib, epi si ajans la pral ofri yo sèvis yo gratis. Se pou yo konsidere sa kliyan an vle ak bezwen kòm dispozitif asistans anvan pou yo deside kilès dispozitif asistans ki konvnab pou li.
- Afich ki gen ladann enfòmasyon konsènan disponibilite dispozitif asistans afiche nan tout sant sèvis yo.
- Lè yo pwograme reyinyon, konferans oswa seminè, yo pral make enfòmasyon sa yo nan piblisite, dokiman enskripsiyon nan konferans oswa anons pou reyinyon patisipan ki gen andikap pou deplase oswa sansoryèl pral resevwa gratis anmenm tan yo pral remèt yo dispozitif asistans gratis tou. Enfòmasyon sa yo pral endike non moun pou yo kontakte ansanm ak dat lè patisipan an dwe mande asistans sa a.
- Pwosesis enskripsiyon an ta dwe enkli yon metod pou detèmine kantite ak kalite patisipan ki andikape ki bezwen asistans ansanm ak kalite asistans/aranjman yo ta renmen resevwa. Sèvis oswa dispozitif yo gendwa mete aladispozisyon kliyan yo gen ladann: entèprè kalifye, lektè, ekleraj ki apwopriye, plas paking pou andikape, pant nan antre ki konvnab pou yo, aranjman pou chita ki bon pou yo ak saldeben ki aksesib pou mobilite pwoblèm.

## LWA TRANSFERABILITE AK RESPONSABILITE ASIRANS SANTE (INSURANCE PORTABILITY AND ACCOUNTABILITY ACT)

### POLITIK PWOTEKSYON ENFÒMASYON PÈSONÈL

Communities Connected for KIDS respekte Lwa sou Transferabilite ak Responsabilite Asirans Sante (HIPAA). Sou labaz lwa sa a, règlementasyon sou pwoteksyon lavi prive aplike kounye an pou sèten Enfòmasyon Sante Pèsonèl (PHI). PHI se enfòmasyon ki idantifye endividiyèlmnan yon founisè sante, yon plan sante oswa yon sant triyaj swen sante kreye oswa resevwa, ki gen pou wè ak eta sante yon moun nan lepase, leprezan oswa lavni; oswa ak of swen sante pou yon moun; oswa peman nan le-pase, leprezan oswa alavni pou sèvis swen sante. Devereux pral respekte tout lòt lwa federal oswa Eta yo konsènan pwoteksyon enfòmasyon medikal. Enfòmasyon sante sa yo gen ladann eta sante, pwoblèm medikal, reklamasyon pou endemnite, swen sante yo resevwa, istwa medikal, enfòmasyon genetik ak prèv si moun lan gen asirans oswa si li andikape.

### COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS GENDWA ITILIZE EPI PATAJE/REVELE ENFÒMASYON SANTE PÈSONÈL OU YO (PHI) NAN KÈK SITYASYON:

- Tretman: Bay oswa kowòdone swen sante ou ansanm ak sèvis ki asosye yo lè yo pale oswa yo revele enfòmasyon sante ki pwoteje (PHI) ou yo ak founisè swen sante.
- Peman yo: Pou jwenn peman nan men asirè, ajans kolèk lajan, ansanm ak ajans evalyasyon kredi swa pou sèvis ou te resevwa oswa anvan ou resevwa sèten sèvis pou konnen si plan asirans lan pral peye pou yon sèvis.
- Operasyon komèsyal yo:
  - Evalye konpetans ak pèfòmans moun k ap ba ou swen.
  - Pwogram fòmasyon pou élèv k ap aprann fason pou bay moun swen.
  - Kowoperasyon ak otorite akreditasyon ak ajans gouvènman yo.
  - Analize kalite swen ou resevwa yo.
  - Jere swen moun ki gen menm kalite pwoblèm.
  - Planifye operasyon COMMUNITIES CONNECTED FOR KIDS pral fè pi devan.

- 
5. Aleksepsyon de dosye medikal timoun lan yo remèt ranplasan paran ki bay swen yo (ansanm ak paran biyolojik timoun lan oswa lòt gadyen legal), dokiman sou ka a ki revele timoun lang VIH / SIDA ap rete nan fichye an nan yon anvlop ki make "Enfòmasyon konfidansyel" yo itilize pou pwoteje enfòmasyon dosye a ki sansib.
  6. Dosye timoun lan p ap rete apa ni siyalize nan okenn fason ki ta otorize idantifikasiyon li kòm yon dosye yon timoun ki enfekte ak VIH / SIDA.

**Fòma svon:** Pwogram fòmasyon Communities Connected for Kids gen ladann divès opsyon komunikasyon ki disponib pou dispozitif asistans; kijan pou jwenn aksè epi itilize dispozitif yo; ak responsibilite ajans lan genyen pou fè tout aranjman ki konvénab pou asire fòmasyon an aksesib pou kliyan an.

**Distribusyon:** Yo pral afiche yon kopi plan sa a sou wèbsayt ajans la ansanm ak sou yon Intranet entèn pou tout anplwaye yo kapab wè l.

**Revizyon:** Yo pral mete ajou plan sa a jan sa nesesè, men omwens yon fwa pa ane.

Konsomatè ki panse yo te victim diskriminasyon gendwa depoze yon plent alekri anvan 180 jou pase aprè zak diskriminasyon yo envoke a opre:

Assistant Staff Director for Civil Rights  
DCF Office of Inspector General  
Office of Civil Rights  
1317 Winewood Boulevard  
Building 1, Room 110  
Tallahassee, Florida 32399-0700  
(850) 487-1901; TDD (850) 922-9220

United States Department of Health and Human Services (HHS)  
Attention: Office of Civil Rights  
Sam Nunn Atlanta Federal Center, Suite 16T70  
61 Forsyth Street, S. W.  
Atlanta, Georgia 30303-8909

## KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON KLIYAN

Tout enfòmasyon konsènan kliyan nan lepase, leprezan ak lavni epi/oswa manm fanmi yo konsidere konfidansyèl epi pwosedi sa yo kouvri yo.

### Kominikasyon sèlman pou moun ki bezwen konnen

1. Yo revele enfòmasyon ak anplwaye, ajans ak paran nan fanmi dakèy sèlman si yo dwe konnen. Yon anplwaye p ap janm revele enfòmasyon konsènan kliyan nan lepase, leprezan oswa lavni andeyò responsabilite ak devwa li yo antanke anplwaye k ap travay sou yon dosye espesifik. Si yon moun pwoche yo pou mande yo enfòmasyon andeyò paramèt sa yo, anplwaye a pral refize ofri enfòmasyon epi li pral voye moun lan al jwenn anplwaye ajans lan ki konpetan.
2. Anplwaye yo pral pran anpil prekosyon lè y ap pataje enfòmasyon pou yo fè sa nan zòn kotege anplwaye sèlman. Anplwaye yo p ap diskite zafè kliyan yo nan zòn kote tout moun regroupe kote yo gendwa tandem enfòmasyon yo.
3. Volontè ki travay ak ajans la dwerspekte rè kominikasyon sèlman si sa nesesè. Anplwaye ki siveye travay volontè yo pral revele volontè yo pi ptit kantite enfòmasyon ki posib konsènan kliyan espesifik, yo pral revele enfòmasyon sèlman si li empakte travay volontè a ak kliyan an. Pa egzamp, yon volontè k ap bay yon timoun enstriksyon gendwa tandem ptit la gen difikile pou fè bon pèfòmans lekòl, men menm volontè sa a p ap gen dwa konnen enfòmasyon pèsònèl osijè kliyan an, fanmi li, sityasyon dosye a oubyen pwoblèm fanmi a te genyen kifè li vin ant4re anba sipèvizon ajans la.
4. Anplwaye a pral kontinye mande paran dakèy yo pou yo revele lòt paran dakèy enfòmasyon sa yo sèlman si sa nesesè sèlman.
5. Tout anplwaye ajans, founisè, volontè ak moun ki bay swen pral resevwa bonjan fòmasyon sou pwoteksyon zafè prive moun ak estanda letik.

### Aksè nan Dosye yo

1. Li entèdi pou revele enfòmasyon konsènan kliyan epi/ oswa manm fanmi yo epi/oswa lòt pati konsène bay nenpòt ki moun, eksepte si kliyan an te bay konsantman li alekri alavans, oubyen si timoun lan se yon timoun minè ki pokò gen 18tan, yo gendwa bay papa oswa manman li, gadyen legal li enfòmasyon yo, oubyen si sistèm jidisyè a prezante yon manda pou jwenn enfòmasyon yo.

2. Tout dosye kliyan yo pral trete yon fason ki pral pwoteje nati enfòmasyon ki kontni anndan yo.
3. Tout dosye otomatize satisfè estanda pou sekirite pou asire tout izaje yo kapab wè sèlman enfòmasyon ki apwopriye pou bezwen yo.
4. Yo konsidere tout dosye konsènan kliyan yo pwopriyete ajans lan.

### Egzijans espesyal ki gen pou wè ak Dosye VIH / SIDA

Pwosedi ki annapre yo aplike pou dosye VIH / SIDA ansanm ak pou aksè nan enfòmasyon:

1. Esplikasyon kay o pa ta dwe kontni okenn referans si ptit la enfekte ak VIH oswa ak SIDA.
2. Communities Connected for Kids ansanm ak founisè plasman an pral revele eta sante an ba paran ki vle adopte oswa ranplasan paran yo ki bay swen, men pa non yon timoun ki pozitif pou VIH / SIDA anvan yo pran desizyon pou adopte oswa aksepte timoun lan nan fwaye swen ranplasan an. Se sèlman apre paran yo te pran angajman pou adopte oswa pou aksepte timoun lan lakay yo ke yo pral di yo kijan ptit lan rele.
3. Paran ranplasan ki bay swen pral resevwa dokiman sou istwa medikal konplè ak eta sante timoun ki plase anba swen yo, ikonpri si yo enfekte ak VIH / SIDA. Se ranplasan paran yo ki bay swen ki pou kenbe dokiman sa yo epi pou pwoteje konfidansyalite yo anske yo limite aksè an estrikteman pou sèlman doktè timoun lan ansanm ak lòt founisè swen medikal ak dantè lè tretman nesesè.
4. Yo dwe remèt separeman dokiman medikal ki nesesè pou enskripsyon lekòl, nan gadri oswa pou menm kalite objektif epi yo pa kapab gen okenn referans konsènan si timoun lan gen VIH / SIDA.